

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- COVID-19: YON ANE APRE
- NOUVO PLAN ESTRATEJIK
- JOUNEN ENSKRIPSYON NAN 'HEAD START'

Mas 2021

Bilten 13 | NIMEWO 72 |

COVID-19: YON ANE APRE



- Nou te sèvi prèske 22 milyon repa gratis pou elèv ak fanmi ki nan bezwen yo.
- Nou te distribye plis pase 165,000 aparèy ak 4,000 "hotspots" (siyal entènèt) anplis.
- Patenarya nou te devlope avèk kominote a te ogmante disponiblite tès COVID-19 ansanm ak aksè pou vaksen an. Plis pase 2,000 anplwaye te pran vaksen atravè randevou garanti grasa patenarya Distri a avèk Sistèm Sante Jackson.

Yon ane de sa, eksperyans edikasyonèl la te afekte yon fason ki dramatik. Nou te oblije deplase elèv ak anplwaye yo soti nan konfò edikasyonèl yo – bilding lekòl la. Edikatè ak administratè yo te gen responsablite pou yo re-envante ansèyman ak aprantisaj, devlope fason kreyatif ak inovatif pou angaje ak timoun yo pandan y ap kenbe yo nan bon direksyon, e asire paran yo te rete konekte pandan tout pwosesis la.

Epòk sa a pa t fasil e li toujou difisil, men nou te kreye yon nouvo nòmalye kote aprantisaj sou entènèt, kouvri

vizaj e mete mas, lave men souvan, ak distans sosyal kontinye ap fèt chak jou. Nou aprann nan eksperyans sa a, e nou grandi anpil kòm yon distri lekòl. Malgre difikilte nou rankontre yo, nou toujou la e nou kanpe fèm.

Nan 365 jou ki sot pase yo, avèk sipò e konsèy ekspè sante ak medikal yo, Lekòl Leta Miami-Dade County te renouvle angajman li pou byennèt elèv ak anplwaye yo nan enplemante bonjan pwotokòl sou sante ak sekirite, ogmante aksè pou manje nan lekòl yo, ak agrandi patenarya avèk kominote a.

Kòm yon distri lekòl, nou pèsevere e nou pwouve yon fwa ankò anyen pa ka estope elèv, paran, ak anplwaye M-DCPS yo. Nou te pase move tan an ansanm, e se ansanm nou pral wè lè solèy la leve.

Pou w gade mesaj Sipèntandan Carvalho a vizite <https://youtu.be/IYcgOkLI9mQ>.

M-DCPS AP CHÈCHE OPINYON MOUN KI ENTERESE YO POU NOUVO PLAN ESTRATEJIK LI A



Mwa pase, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) te fèmen plan estratejik senk ane li a, Vizyon 20/20. Yon plan estratejik oswa plan prensipal defini direksyon jeneral yon òganizasyon e li fason desizyon li ap kontinye pran konsènan alokasyon resous, ki gen ladan tan, finansman, ak resous imen, nan pousuit estrateji sa a. Ansanm, Komisyon Konsèy Lekòl la, anplwaye li yo, ak moun ki enterese nan kominote nou an reyalize anpil gwo akonplisman.

Pandan senk dènye ane yo, menm anba gwo difikilte, M-DCPS te emèje kòm yon lidè nasyonal sou plizyè fasad.

Nan baze nou sou pwèn fò Vizyon 20/20 an, M-DCPS ap anbake nan devlopman pwochen plan estratejik li a, ki pral gide sistèm lekòl la nan pran desizyon enpòtan ki pral finalman fè enpak sou elèv, anplwaye, ak kominote a an jeneral.

M-DCPS AP CHÈCHE OPINYON MOUN KI ENTERESE YO POU NOUVO PLAN ESTRATEJIK LI A... SUIT PAJ 1

Kòm yon sistèm lekòl leta, M-DCPS gen responsablite pou asire li satisfè bezwen kominote nou an ki gen anpil divèsite e pou bay meyè kalite edikasyon pou prepare elèv nou yo pou siksè pou tout lavi yo.

Elèv, paran, anplwaye, ak manm kominotè yo jwe yon wòl entegral nan sistèm lekòl nou an ak siksè nou an jeneral. Se poutèt sa, nan semèn k ap vini yo, atravè yon sondaj nan tout kominote a, sesyon ak diferan gwoup, reyinyon patisipasyon gwoup sitwayen, ak toune vityèl kominotè avèk Sipèntandan an ak Manm Komisyon Konsèy Lekòl yo, M-DCPS pral rasanble opinyon sou sa Distri a te fè byen, sa li ka amelyore, ak sa li dwe fè plis efò pou l akonpli nan pwochen plan estratejik la.

Distri a ap ankouraje nenpòt moun ki enterese nan edikasyon piblik pou ranpli Sondaj pou Moun ki Enterese sa a, ki disponib nan lang Anglè, Espayòl, ak Kreyòl. Sondaj la, ou dwe ranpli 2 avril oubyen avan, ou ka jwenn li ansanm ak enfòmasyon adisyonèl sou plan estratejik la, nan vizite strategicplan.dadeschools.net.

Pataje opinyon ou sou sa sistèm lekòl la ap fè byen ak sa ki ka amelyore

TOUNE VITYÈL POU TANDE W	
Distri 1 Dtè. Steve Gallon III	Mèkredi 24 Mas 6:00 – 7:00 diswa
Distri 2 Dtè. Dorothy Bendross-Mindingall	Jedi 15 Avril 6:00 – 7:00 diswa
Distri 3 Madan Lucia Baez-Geller	Lendi 5 Avril 6:00 – 7:00 diswa
Distri 4 Madan Perla Tabares Hantman	Madi 16 Mas 6:00 – 7:00 diswa
Distri 5 Madan Christi Fraga	Madi 6 Avril 6:00 – 7:00 diswa
Distri 6 Madan Mari Tere Rojas	Lendi 22 Mas 6:00 – 7:00 diswa
Distri 7 Dtè. Lubby Navarro	Lendi 12 Avril 6:00 – 7:00 diswa
Distri 8 Dtè. Marta Pérez	Jedi 8 Avril 6:00 – 7:00 diswa
Distri 9 Madan Luisa Santos	Madi 13 Avril 6:00 – 7:00 diswa

eksperyans enterese yo lè ou patisipe nan Toune Vityèl pou Tande nou an.

Ansanm, nou kapab asire M-DCPS ap kontinye bay yon edikasyon klas mondyal ki prepare elèv yo pou siksè nan kolèj, karyè, ak pou lavi.

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Kreye Abitid Manje Repa ki Nourisan
<https://bit.ly/3lplPs7>

ENPÒTANS TRAVAY SOSYAL NAN LEKÒL YO OTÈ: DANIEL ORE, TRAVAYÈ SOSYAL NAN LEKÒL



Epidemi COVID-19 la transfòme kominote nou an, sosyete a, ak mond lan. Divès chanjman nou te oblije fè pou fè fas ak lavi nou chak jou te afekte paran ak timoun yo. Pou

elèv nou yo, enpak la te manifeste atravè difikilte avèk etid yo, prezans ak yon mank angajman nan klas. Sa ki te pi grav la se te move efè sou sante sosyo-emosyonèl yo, tankou santiman izolasyon, laperèz, anksyete, ak estrès. Paran ak gadyen yo t ap fè fas avèk kèk nan menm sitiyasyon ki lakoz estrès yo, anplis presyon ki vin ajoute sou satisfaksyon bezwen fanmi yo. Pami difikilte paran ap fè fas nan kontèks COVID-19 la genyen: pèt travay, diminisyon nan salè, ogmantasyon responsablite pou paran pran swen e kontwole pitit yo, divès/

separasyon, pwoblèm lojman, ak mank resous esansyèl yo. Travayè Sante “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) yo se kle nan ede konbat menas sa yo ki, pi devan, ka afekte yon anviwònman aprantisaj ki gen sekirite.

Mas se Mwa Travay Sosyal, e 7-13 Mas se Semèn Travay Sosyal nan Lekòl. Nou menm nan M-DCPS, nou rekonèt enpòtans pwofesyon an ak gwo wòl travayè sosyal yo jwe nan lekòl nou yo.

Travay sosyal nan lekòl yo reprezante yon domèn pratik espesyalize anndan varyete ki gen nan powofesyon an. Tout travayè sosyal nan lekòl M-DCPS yo gen diplòm metriz nan travay sosyal, yo gen sètifikasyon “Florida Department of Education (FLDOE)” (Depatman Edikasyon Florid) e apeprè yon tyè ladan yo lisansye kòm travayè sosyal klinik. Yo pote konesans ak ladrès espesyal nan sistèm lekòl la e nan lekòl y ap sèvi yo. Travayè sosyal yo fè entèvyou pou paran e yo fè evalyasyon sikolojik ak sosyal ansanm ak evalyasyon konpòtman, yo bay sipò sante mantal lè gen kriz, yo fasilite konsiltasyon avèk pwofesè, paran e yo ofri elèv yo konsèy ak terapi endividyèlman e an gwoup.

Lè COVID-19 te fòse fèmti lekòl fizik yo nan Prentan ki sot pase a, administratè ak edikatè M-DCPS yo te eksprime enkyetid yo konsènan mank angajman elèv yo ansanm ak enkapasite yo te genyen pou atenn

fanmi yo. Travayè sosyal nan lekòl Distri a te jwe yon wòl enpòtan nan re-etabli lyen ant lekòl nou yo, fwaye yo, ak kominote a, pou ede pwomote siksè akademik pandan y ap pwomote rezistans lakay fanmi yo ak elèv yo.

Nan kòmansman ane lekòl 2020-2021 an, demand ki te genyen pou sipò elèv ak fanmi te pouse M-DCPS kreye yon metòd sou entènèt pou lekòl yo te ka adrese demand asistans bay travayè sosyal lekòl yo. Sistèm sa a pèmèt administratè lekòl yo kreye rekòmandasyon pou sèvis avèk plis efikasite. Depi nou te adpote sistèm sa a, travayè sosyal nan lekòl yo resevwa plis pase 7,000 rekòmandasyon ki gen rapò ak evalyasyon elèv, depistaj inisyal pou elèv, konsèy endividyèl, ak asistans sèvis sosyal pou fanmi. Travayè sosyal nan lekòl yo elaji sipò bay lekòl yo tou nan ede tcheke byennèt elèv ki dekonekte avèk lekòl yo, sa ki gen plizyè absans ak sa ki pran abitud absan san pèmision.

Travayè sosyal nan lekòl M-DCPS yo aprann anpil sou rezon ki kache dèyè difikilite elèv ak fanmi yo ap fè fas. Yo bay sipò, konsèy, resous ak rekòmandasyon pou asire elèv yo re-angaje yo avèk siksè nan lekòl e nan etid yo. Ansuit, chak ekip divès disiplin nan lekòl yo itilize vizyon sa yo pou kreye plan entèkansyon global e pratik ansanm ak sipò pou asire yo elèv yo retounen nan menm nivo yo te ye avan COVID-19 oubyen depase nivo sa a.

Sipò travay sosyal nan lekòl yo bay nan prevansyon ak entèkansyon mande bonjan estanda etik, jenewozite, pwofesyonalis, ak moral ansanm ak priyorite nan defann timoun ki pi vilnerab nan lekòl nou yo ak fanmi yo. Ansanm avèk lekòl nou yo e moun ki enterese yo, travayè sosyal nan lekòl yo santi yo ka vin tounen motè pou gwo chanjman lakay elèv yo e amelyore chans pou siksè nan anviwònman akademik la e pi lwen toujou.

DAT ADISYONÈL POU TÈS COVID-19 GRATIS POU ELÈV

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) an patenarya avèk Sistèm Sante University of Miami, anonse lòt dat pou tès COVID-19 gratis ki ap disponib pou tout timoun, laj 4-18 ane nan Miami-Dade County. Tès yo ap fèt atravè Inite Mobil Sistèm Sante Pedyatri a, ki pral disponib nan divès paking lekòl pandan tout mwa a. Yon paran/gadyen dwe akonpaye timoun nan pou li teste; yo pa bezwen gen yon idantifikasyon. Nou ap resevwa yo menmsi pa te gen yon randevou, men nou ankouraje pou yo fè randevou. Mete yon randevou nan rele 305-243-2059. Ap gen lot dat pou tes ki pral disponib trè pwochenman. Men dat ak andwa pou inite mobil tès la, ki ap fèt kòmanse 3:00 – 5:00 nan aprèmidi.

19 Mas	iTech @ Thomas A. Edison Educational Center	6101 N.W. 2nd Avenue Miami, FL 33127
22 Mas	Coral Reef Senior High School	10101 S.W. 152nd Street Miami, FL 33157
23 Mas	J.C. Bermudez Doral Senior High School	5005 N.W. 112th Avenue Doral, FL 33178
24 Mas	North Miami Beach Senior High School	1247 N.E. 167th Street N. Miami Beach, FL 33162
25 Mas	American Senior High	18350 N.W. 67th Avenue Hialeah, FL 33015
26 Mas	Miami Sunset Senior High School	13125 S.W. 72nd Street Miami, FL 33183
29 Mas	iTech @ Thomas A. Edison Educational Center	6101 N.W. 2nd Avenue Miami, FL 33127
30 Mas	Coral Reef Senior High School	10101 S.W. 152nd Street Miami, FL 33157
31 Mas	J.C. Bermudez Doral Senior High School	5005 N.W. 112th Avenue Doral, FL 33178



yo enfòmasyon sou pwogram nan. Nou envite fanmi yo pou yo konekte ak nou atravè lyen sa a: <https://dadeschools.zoom.us/j/88242166107?pwd=QThLUeUliUzdKRmdkbVF5YzM1T1BUZz09>.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

29 mas – 2 avril
Vakans Prentan

9 avril
Jounen Enskripsyon nan
'Head Start' pou 2021

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

21 avril
10:00 dimaten
Sesyon Konferans: Zòn
Prezans pou 2021-2022

21 avril
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye (Lekti
Inisyal-Zòn Prezans pou
2021-2022)

Pwogram 'Head Start ak Early Head Start' nan "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap aksepte aplikasyon pou timoun laj de (2) mwa rive kat (4) ane pou yo patisipe nan pwogram pou ane 2021-2022 a.

Nou ofri pwogram 'Head Start/Early Head Start' la an patenarya avèk Depatman 'Miami-Dade County Community Action and Human Services' e li se yon pwogram global pou devlopman timoun ki ap viv nan Konte Miami-Dade, e se gouvènman federal ki finanse li. Timoun ki ant laj twa (3) rive senk (5) ane ka patisipe nan pwogram 'Head Start' la, e yo ka enskri osito yo gen laj twazan. 'Early Head Start' sèvi timoun laj de (2) mwa rive twa (3) ane. Timoun ki gen

andikap yo nan pwogram sa a tou e yo resevwa divès kalite sèvis pou devlopman yo.

Vandredi 9 avril, pwogram HS/EHS nan M-DCPS pral òganize "Head Start/Early Head Start Enrollment Day 2021" (Jounen Enskripsyon nan Head Start/Early Head Start pou 2021). Nou ankouraje fanmi yo pou aplike sou entènèt nan vizite headstart.dadeschools.net. Fanmi yo ka kontakte tou lekòl 'HS/EHS' ki pi pre yo a pou yo ka jwenn enfòmasyon sou pwogram nan, tankou kritè elijibilite ak pwosedi aplikasyon yo. Gen yon lis lekòl ki ap patisipe ki disponib nan: headstart.dadeschools.net.

Sesyon enfòmasyon yo ap fèt 9 avril 2021 sou Zoom pou ofri tout fiti fanmi

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Alberto M. Carvalho
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèntandan Lekòl yo
Christi Fraga	Maria Martinez
Doktè Lubby Navarro	Konsèyè Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	

Se yon Pwodiksyon Office
Biwo Kominikasyon
ak Angajman Kominotè

Daisy González-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon
ak Angajman Kominotè